

Si ou konnen yon moun ki te ka enterese, ou mèt pataje dokiman sa avèk li!



NBA XPLOR se yon mouvman pwofetik ki òganize pa e pou jèn adilt yo ki ap chèche viv yon vi ki gen lanmou ladan epi kote yo kapab sèvi ak lòt moun. Staj sa bay yo aksè ak 10 mwa kote yo gen opòtinite pou yo devlope nan nivo pwofesyonèl epi kote yo kapab disène vokasyon yo. Se moun ki gen ant 21 ak 30 lane ki ka benefisye pwogram sa epi yo gen pou yo viv yon vi ki senp nan yon kominote epi yo genyen pou yo rann sèvis epi travay pou lajistis. Gras a NBA XPLOR, nou pèmèt jèn sa yo konekte ak legliz Disip yo, ak ministè nan rejyon yo ansanm ak ministè jeneral yo, epi yo konekte ak yon seri de kominote ki pi gran kote yo kapab genyen yon kontak ki pozitif ak vwazinaj yo, ak legliz yo ansanm ak lòt jèn adilt yo.

KAT WÒCH KI KENBE NBA XPLOR

- **Sèvis Pwatik / Travay pou lajistis:** Stajyè yo ap travay ak ajans ki pa peye nan kominote a pandan 30h nan yon semèn pou yo kapab ranfòse efò local yo ki gentan fèt pou la misyon, pandansetan y'ap pwofite ajoute sou konesans ak eksperyans pwofesyonèl yo genyen deja, epi y'ap ogmante konsyans yo ak kijan yo ap reyaji devan kèk sistèm ki ap ankouraje lenjistis.
- **Yon vi ki senp nan kominote a:** Stajyè yo ap aprann pou yo pwatike yon vi nan kominote a ki fidèl, ki senp epi ki gen konpetans nan kilti kote y'ap viv la.
- **Disènman Espirityèl sou Vokasyon yo:** A travè yon seri de disiplin espirityèl stajyè yo ap chèche konnen poukisa (nan ki bi) nanm yo te kreye.
- **Devlopman Lidèchip Disip yo:** Stajyè yo ap travay ak konpayon espirityèl ak legliz ki akeyi yo pou yo kapab antre nan idantite yo antan ke Disip, y'ap fè sa pandan yo ap viv yon vi ki fidèl epi pandan yap travay pou lajistis. Tout sa yo ap pèmèt yo mete kapasite yo deyò epi y'ap kapab dirije lòt moun andedan legliz la ak lot yo tou ki nan lemonn.

Mete sou sa, NBA XPLOR pran dezisyon pou yo gen baz divèsite a ki se yon eleman enpòtan lè nou ap pale de chwa pou nou viv ansanm tout bon. Nou toujou bay kou sou antirasis, kominikasyon ak lòt kilti ak anti opresyon. Kou sa yo trè enpòtan epi yo fè pati de NBA XPLOR.

KESTYON YO ABITYE POZE NOU

1. Kisa NBA XPLOR ye?

NBA XPLOR se yon staj kretyen pandan 10 mwa, nan yon legliz, epi se moun ki genyen ant 21 lane ak 30 lane ki ap chèche viv yon vi kote yo ka pataje lanmou epi sèvi moun. Staj sa kòmanse nan mitan mwa out la pou rive nan mitan mwa jen an.

2. Kisa yon moun ka fè nan yon staj NBA XPLOR?

Stajyè yo ap viv yon kominote ki gen anpil divèsite, kote yo pran angajman pou yo patisipe nan kèk pwatik espirityèl ansanm ak lòt moun epi pou kont yo tou; pwatik sa yo kapab yon priyè oswa pandan lè yo ap manje chak jou. Youn ap veye sou lòt epi youn ap aprann de lòt nan angajman kominotè sa epi yo depann de legliz ki akeyi yo. Mòd de vi sa pa yon bagay ki nòmal nan kilti pa nou, men li ap ede stajyè yo egzamine epi viv valè yo genyen yo tout bon.

3. A kisa yon semèn nòmal nan staj sa ka sanble?

Yon semèn nan staj sa bay stajyè yo tan pou yo kapab viv tout eksperyans staj la jan sa sipoze ye: 30 lè nan semèn nan kote yo ap aprann nan yon fason dirèk, pwatik epi yo ap travay nan kominote kote yo angaje yo pou yo fè staj la; Chak semèn yo gen yon Saba kote yo pran yon tan pèsònèl epi yo gen yon refleksyon kolektiv, yo gen pou yo rankontre yon moun ki gen plis eksperyans espirityèl ke yo tou; yo

Si ou konnen yon moun ki te ka enterese, ou mèt pataje dokiman sa avèk li!

gen tan lib pou yo fè afè pèsònèl yo (al fè mache, lesiv, pran plezi yo epi repoze yo); pandan anviron 6 è nan semèn nan, stajyè a ap sèvi epi adore nan legliz ki akeyi li a.

4. Eske mwen dwe manm yon legliz Disip Kris pou mwen aplike?

Non, men Disip yo gen plis chans pou yo konprann e viv eksperyans staj NBA XPLOR la nan yon sans ki inik. Moun ki fè pati Disip yo gen plis chans pou yo pran yo, men sa ki pi enpòtan lè yon moun ap aplike, li dwe yon jèn adilt ki vle konprann kibò ak kijan Bondye ap mennen li kote Li vle a – e fòk li prè pou li dekouvri apèl sa nan yon kontèks Disip yo.

5. Sa pou nou fè si stajyè a poko konnen nan ki nivo relijyon/espriyèl li ye?

NBA XPLOR fèt yon jan menm pou li ede stajyè yo antre nan yon fâz « disènman » (se kote yon moun ap poze tèt li kekyon sou kijan ak kibò Bondye rele yon moun pou li dirije pwòp lavi pèsònèl li, lavi pwofesyonèl li, lavi espriyèl li epi nan relasyon li). Nou pa atann nou pou yon stajyè genyen repons ak tout kekyon sa yo. O kontrè, nou kwè ke lè yon moun ap poze tèt li kekyon sou relijyon, teoloji ak espriyalite, sa ka pran tout yon vi pou li jwenn repons yo. NBA XPLOR ap ede stajyè konprann sa, epi pou li ekipe yo epi akonpaye yo sou wout sa.

6. Kiyès ki te ka yon bon stajyè?

Stajyè NBA XPLOR yo se jèn adilt ki ta renmen fè yon diferans ak lavi yo men ki ka pa konnen ki etap pou yo franchi pou yo rive kote yo ta renmen rive a. Genyen nan jèn yo ki te ka ap sèvi nan lame epi yo tap renmen sèvi nan yon lòt sans. Genyen tou ki te ka fini ak etid yo, men edikasyon yo resevwa nan lekòl la te ka pa ase pou yo konnen pou kisa yo te kreye. Genyen ki te ka santi Bondye rele yo pou yon ministè oswa yon lòt, men yo santi ke si yo ale nan yon seminè oswa travay nan yon òganizasyon kominotè oswa pou yo ta etidye nan jistis sosyal, li te ka twò bonè. Genyen tou ki te al travay touswit lè yo te finn etid segondè yo epi yo ap chèche yon opòtinite ki ap ede yo wè ki plas yo genyen nan monn nan. NBA XPLOR bay yo yon « espas nan mitan » kote yo kapab reflechi, disène epi deside sou kisa yo pral fè aprè.

7. Konbye staj sa koute?

Premye sa staj sa koute se yon angajman sensè pou jèn yo chache konnen kibò Bondye ap rele yo, men stajyè yo pa peye pou tan yo ap fè nan NBA XPLOR. Stajyè yo gen yon kote pou yo rete, sa pèmèt yo viv yon vi ki senp paske yo ap jwenn yon alokasyon chak mwa. Kay kote yo gen pou yo rete ak tout sèvis yo se legliz ki akeyi stajyè yo ki ap founi yo.

8. Eske gen asirans sante ak yon posibilite pou yo repòte ranbousman prè etidyan yo pandan NBA XPLOR lan?

Stajyè ki pa gen asirans sante yo kapab enskri nan yon asirans nan Catholic Volunteer Network (Rezo Katolik pou Benevòl). Pou prè etidyan yo, NBA bay yon fòmasyon ki ap ede jèn yo pale ak kreyansye yo pou yo kapab mande yo si yo kapab repòte ranbousman dèt yo a. Li enpòtan pou nou konprann ke li pa garanti, men pifò nan ka nou trete deja yo, yo te bay yo pèmisyon pou yo peye dèt yo aprè.

9. Kijan yon moun ka fè pou li enskri nan NBA XPLOR?

Si ou ta renmen enskri nan NBA XPLOR, ranpli epi voye fòmil ki ap an liy lan, epi nou pap pran tan pou nou reponn ou. Aplikasyon an liy yo pou staj ki pral kòmanse nan ane 2018-2019 yo ap disponib nan mwa Novanm 2017.

Si ou konnen yon moun ki te ka enterese, ou mèt pataje dokiman sa avèk li!

Eske ou ta renmen gen plis enfòmasyon sou NBA XPLOR? Eske ou se yon jèn adilt ki ta renmen enskri? Eske ou nan yon legliz kominotè epi ou ta renmen patisipe? Kontakte nou!

Rev. Bonnie Osei-Frimpong, Direktris NBA XPLOR
boseifrimpong@nbacares.org oswa (314) 993-9000 x3368